

## FASIL.

Rele nou nan 617-635-2200 pou konnen kòman nou ka ede w ak fanmi w.

## AKSESIB.

Nou ouvri soti 7 è maten rive 5 è aprèmidi soti Lendi – Vandredi.

## KONFIDANSYÈL.

Nenpòt bagay ou diskite ak konseye w la ap rete ant oumenm avèk li.

## ENSTRIKSYON:

26 Court Street, 7th Floor  
Boston, MA, tou pre Government Center lòtbò lari a parapò ak New England Veteran Shelter..

### MBTA:

Soti nan Liy Oranj ak Wouj Pran Liy Oranj nan direksyon Oak Grove rive nan Estasyon State St. la. Pran Liy Wouj pou rive Downtown Crossing oswa Park Street. Liy Vèt pou rive Government Center.

EAP (Pwogram Asistans Anplwaye) gratis epi disponib pou tout Anplwaye Vil la ak manm fanmi yo.

### ORÈ:

Len-Van soti 7 è maten rive 5 è aprèmidi. Ou ka ale sou sitwèb nou an sou **boston.gov/EAP**, rele **617-635-2200**




Human Resources



Housing Authority



Planning and Development Agency



Water and Sewer Commission



Public Health Commission



# PWOGRAM ASISTANS ANPLWAYE

Pou fè pwomosyon, etabli ak ogmante kalite vi, bon jan lasante ak eksperyans pèsonèl. Objektif nou se travay an kolaborasyon ak manm fanmi kolaboratè yo ansanm ak retrete pou restore ak oswa mete byennèt nan travay ak lavi.



## APWOPÔ EAP A

Pwogram Asistans Anplwaye Vil Boston te kòmanse an 1970; premye objektif li se te asiste travayè ki te bezwen èd pou rezoud pwoblèm alkòl/dwòg k ap afekte pèfòmans yo nan travay. Ofiramezi ane y ap pase alòske anviwònman travay yo te evolye, EAP (Pwogram Asistans Anplwaye) kontinye sèvi ak yon metòd ki baze sou fòs ak solisyon pou bay yon gwo latriye resous ak devlopman konpetans ki pral ede amelyore byennèt jeneral mendèv divèsifye Vil Boston nan.

## KIYÈS N AP SÈVI?

Pwogram Asistans Anplwaye se yon resous ki disponib pou mendèv Vil Boston. Sèvis la disponib kèlkeswa pòs oswa kontra anplwa a, li konfidansyèl epi li disponib san w pa peye anyen.

## KISA NOU FÈ?

Pwogram Asistans Anplwaye kontinye ap satisfè bezwen k ap parèt kay mendèv la pandan l ap ofri yon latriye sèvis pou moun. Nou ofri avantaj pou tout anplwaye Vil Boston ak manm fanmi yo pandan nou idantifye bezwen espesifik yo epi rezoud enkyetid pèsonèl k ap afekte travay ak lavi.

## HOW DO WE DO IT?

Nou rete konsantre sou fòs ak byennèt kliyan an. Nou itilize prevansyon ak estrateji entèvansyon prekòs, nou evalye bezwen yo epi bay referans ajans, pledwaye, ak jesyon ka ki koresponn yo.

## KI VALÈ NOU POTE?

Pwogram Asistans Anplwaye ofri yon anviwònman ki san danje epi ki bay sipò ki sansib pou enkyetid ak enterè mendèv Vil Boston. Nou kolabore ak anplwaye pou rezoud enkyetid ki gendwa afekte, byennèt, fonksyon sosyal, ak pwoblèm pwodiktivite nan espas travay la tankou:

- Ekilib Travay ak Fanmi
- Sante Mantal
- Alkòl ak Dwòg
- Jesyon Gerizon
- Sa ki Anrapò ak Travay
- Vyołans Domestik
- Finans
- ak plis ankò.

Pwogram Asistans Anplwaye se yon resous net ak volontè epi objektif nou se byennèt anplwaye. Pou plis enfòmasyon ou ka konekte sou sitwèb nou an [boston.gov/EAP](http://boston.gov/EAP)

